

ESTASYON OTOBIS

& Rekonstriksyon Cummins Highway a

25 Janbye, 2022




Public Works



Transportation


Welcome! ¡Bienvenidos! Akeyi!

- Si hablas español y prefieres escuchar la reunión en esta lengua utiliza el botón de “Interpretation” (Interpretación) para acceder al canal de audio en español.
- *Si w pale Kreyòl Ayisyen e w prefere tande reyinyon an nan lang sa a tanpri sèvi ak bouton "Interpretation" (Entèpretation) pou w jwenn aksè ak chèn odyo pou Kreyòl Ayisyen an.*




Welcome! ¡Bienvenidos! Akeyi!

- This meeting **will be recorded**.
 - Esta reunión **será grabada**.
 - *Reyinyon sa a **ap anrejistre**.*
- Update your name in Zoom to include your preferred name and your pronouns.
 - Actualiza tu nombre en Zoom con tu nombre preferido y tus pronombres.
 - *Aktyalize non w sou Zoom pou w mete non prefere w ak pwonon w.*



Welcome! ¡Bienvenidos! Akeyi!

- Your microphones are turned off to start. You will need to unmute to speak. Joining via phone? Press ***6** to unmute.
 - Tu micrófono está apagado al empezar. Tendrás que reactivarlo para hablar. ¿Participando por teléfono? Presiona ***6** para reactivar el micrófono.
 - *Mikwo w fèmen pou kòmanse. Ou pral bezwen ouvri mikwo a pou w pale. W ap konekte pa telefòn? Peze ***6** pou ouvri mikwo a.*
- You can use non-verbal feedback options. Raise your hand or leave a message in the chat box if you have a question. If you called into the meeting, use ***9** to raise your hand.
 - Puedes utilizar las opciones de reacción no verbales. O dejar un mensaje en el chat si tienes alguna pregunta. Si estás llamando por teléfono usa ***9** para levantar la mano.
 - *Ou gendwa sèvi ak opsyon fidbak non-vèbal. Leve men w oswa kite yon mesaj nan bwat tchat la si w genyen yon kesyon. Si w konekte nan reyinyon an, sèvi ak ***9** pou leve men w.*



PA GADE EKKRAN -W PANDAN WAP KONDWI



Hello! ¡Hola! *Bonjour!*



Jeffrey Alexis

Engineering,
Public Works
Department



**Kirstie
Hostetter**

Transit,
Transportation
Department



Hannah Fong

Active Transportation,
Transportation
Department



Stefanie Seskin

Active Transportation,
Transportation
Department

Objekti Reyinyon yo

Aprann kijan Vil la ak MBTA travay ansanm pou desine estasyon otobis yo

- Ki sa ke nou konsidere lè nou plase estasyon otobis yo
- Ki sa ki fè yon estasyon otobis aksesib
- Egzanp desen estasyon otobis pou Cummins Highway

Aprann sou pwojè rekonstriksyon Cummins Highway

- Objektif pou rekonstriksyon an ak opòtinite yo

Redesine Tanporè de Cummins Highway

Nou te fini esè sou Cummins Highway a semèn sa a. Jiskaske konstriksyon kòmanse, lari a pral tankou li te ye anvan an.

Pandan dènye ane a, nou te kolekte done sou vitès trafik, tan vwayaj, ak eksperyans ou nan yon liy nan chak direksyon. Vizite boston.gov/cummins-highway pou revize done ke nou te kolekte yo.

Done nou te kolekte yo pral enfòme kijan nou konsevwa nouvo Cummins Highway a, men opinyon ou toujou enpòtan.



Rekonstricksyon Cummins Highway

Nou pa kapab pwodwi yon desen san opinyon ou. Ou pral ede fòmè kijan Cummins ta dwe ye pou pwochen 70 ane yo.

Kounyea, nap kontakte kominote a pou enfòmè de plan final la.



We plan to reconstruct Cummins Highway

Yo p at amelyore Cummins Highway depi **prentan 1955**.

Yo te retire tramwey ki te akote Cummins yo an 1953 pou yo fè plas pou machin. Konfigirasyon ri a reflekte priyorite ane 1950 yo: pèmèt moun ki pa rezidan yo kondui byen vit nan katye nou yo.



REKONSTRIKSYON CUMMINS HIGHWAY

Pandan yon pwojè rekonstwiksyon nou rekonstwi ri a totalman, sa ki gen ladann twotwa, arebò ri a, ekleraj ri a, limyè sikilasyon, revètman wout la, epi ranplase oswa mete sèvis piblik yo jan sa nesesè.

Vil la gen yon bidjè apeprè **\$12 milyon** dola pou rekonstriksyon Cummins Highway



REKONSTRIKSYON CUMMINS HIGHWAY

Nou pa ka pwodwi yon modèl san opinion pa ou. **Ou pral ede fòmè ki jan Cummins lan ta dwe ye pou 70 ane kap vini yo.**

Kounye a, nou ap kontakte kominote a pou-n enfòmè yo de modèl final la. Nou poko kòmanse travay enjenyè yo pou desine koridò a.



- **Avanse avèk objektif Go Boston 2030:**
 - Amelyore sekirite nan lari nou yo
 - Diminye emisyon
 - Envesti nan kominote yo reyalize ekite nan aksè a opòtinite.



OPÒTINITE POU REKONSTWI CUMMINS HIGHWAY

- *Avanse avèk objektif Go Boston 2030*
- **Kolabore avèk depatman lòt Vil yo pou avanse avèk plan kolektif nou yo.**
 - Pou-n enfòme rezidan yo de travay kap fèt nan tout Vil la.
 - Pou amelyore kolaborasyon nan travay nou an e reyalize objektif katye ak tout vil yo.



OPÒTINITE POU REKONSTWI CUMMINS HIGHWAY

- *Avanse avèk objektif Go Boston 2030*
- *Kolabore avèk depatman lòt Vil yo pou avanse avèk plan kolektif nou yo.*
- **Kolabore avèk rezidan yo pou avanse avèk objektif yo:**
 - Konfime vizyon ou pou lavni avèk pwojè nou yo.
 - Konsyantizasyon ak patisipasyon nan efò ke ou pran swen sou



Desine estasyon otobis yo pou Cummins Highway



Nou planifye pou nou rekonstwi tout Cummins Highway a

- Nou pral konstwi nouvo twotwa an beton
- Twotwa yo ap nan menm nivo epi yap pi fasil pou mache oswa pou itilize yon aparèy asistans.
- Tout pasaj pou pyeton yo pral gen nouvo ranp aksesib.
- Yo pral rekonstwi tou chastasyon otobis yo



Nou travay avèk MBTA epi avèk ou pou planifye estasyon otobis yo

- An Novanm ak Desanm, nou te rankontre ak Konsèy Katye Greater Mattapan.
 - Nou te pataje plan inisyèl nou an pou desine estasyon otobis yo.
 - Nou te pale ak moun ki ap tann otobis.
 - Nou te fè chanjman ki baze sou kòmantè yo fè yo.
- Nan fen ane 2021 an, nou te kowòdone avèk ekip planifikasyon sèvis MBTA a. Nou pataje lide sou kòmantè yo.
 - Nou itilize Gid Planifikasyon ak Desen Estasyon Otobis MBTA a pou enfòme apwòch nou an.


Ki jan nou panse sou estasyon otobis yo?

Estasyon otobis yo dwe touprè kote moun yo ye, men se pa souvan ke otobis yo kanpe nan chak katye.

- Nou revize done resansman yo pou nou konprann ki kote ansyen yo ak jèn yo rete.
- Nou mezire distans ki genyen ant estasyon otobis yo.



Estasyon otobis ki deja egziste sou Cummins la ant Wood/Harvard ak River:



Pi gwo konsantrasyon nan kay ki gen jèn yo ap viv nan sid Cummins, ant Rugby Road ak liy Fairmount. Popilasyon jèn 15 ane ak mwens




Pi gwo konsantrasyon moun ki aje yo (65 ane ak plis) ap viv sou bò nò Cummins, nan sid Greenfield, ak lès Rockdale.


Rezidan ki gen 65 ane oswa plis



Pi gwo konsantrasyon moun ki andikape yo ap viv nan lwès Rugby/Savannah ak nan lès Rockdale Kay ki gen yon ak plis ke yon moun ki andikape



Jodi a, estasyon otobis yo ant 345' ak 890' de distans



Li pral pran ant 1.5 minit ak 4 minit pou mache ant estasyon otobis yo. Pou jèn yo ak moun ki aje yo, sa pral pran yon ti tan an plis.

Nou ka planifye pou pi bon estasyon otobis

Jodi a, kèk estasyon otobis yo twò kout.

- Nan kèk kote, li difisil pou chofè otobis yo kapab avanse bò twotwa a. Otobis la soti tèt li nan lari a.
- Nan lòt kote, dèyè bis la bloke lari bò dèyè estasyon otobis la.

Gen kèk estasyon otobis yo ki pa aksesib.

- Twotwa a kapab nan move kondisyon.
- Pasaj pou pyeton ki tou prè yo ka pa genyen ranp twotwa ki aksesib yo.




Nou ka planifye pou pi bon estasyon otobis

Avèk rekonstriksyon Cummins Highway a, nou pral konstwi estasyon otobis ki bon nan gwosè pou otobis yo.


- Nou pral bay espas pou otobis 60' pou avanse sou twotwa a epi pou pasajè yo jwenn aksè nan tout pòt yo.
- Otobis yo pral kapab antre nan estasyon otobis la konplètman. Yo pa ta dwe bloke lari ki sou anndan yo.

Sa vle di nou pral deplase kèk estasyon otobis e mete-l nan yon pi bon kote.

Avèk pwojè rekonstriksyon an, nou pwopoze estasyon otobis ki anba yo:



Estasyon otobis yo pral gen yon espas ki pi egal, ant 550' ak 1090' apa



Li pral pran ant 2.5 minit ak 5 minit pou mache ant estasyon otobis yo. Pou jèn yo ak moun ki aje yo, sa pral pran yon ti tan an plis.

Desine estasyon otobis aksesib yo




Nou kapab planifye pou pi bon estasyon otobis

Nouvo estasyon otobis yo pral pi bon pou pasajè yo tou.

- Chak estasyon otobis pral gen pasaj pou pyeton ki aksesib tou prè.
- Nap gen espas pou ekipman, tankou ban oswa abri.

Chak otobis MBTA yo aksesib

- Otobis yo kapab bese pou moun ka monte ak sòti ladan yo pi fasil.
- Ranp yo ap disponib nan pòt devan an
- De espas pou aparèy mobilite wou yo dwe sekirize
- Yap afiche ak anonse, pataje otomatik enfòmasyon sou wout ak lè yap kanpe



Ki sa ki fè yon estasyon otobis aksesib?

Kite espas pòt dèyè a klè

Mete twotwa yo nan menm nivo

Gen ase espas pou deplwaye yon ranp

Detekte diferans ant twotwa ak liy vwayaj



Photo: MBTA

Enfòmasyon nan tan reyèl

- MBTA te kòmanse teste siy "lank elektwonik" ki mache ak solè an 2017. Siy sa yo bay bon enfòmasyon de ki lè otobis la ap rive.
- Ou kapab wè siy ak lank elektwonik nan kèk estasyon otobis nan Boston jodi a.
- Siy sa yo mande pou yo genyen yon bon kantite limyè solèy, konsa yo pa ka mete tout kote.

Nou ta renmen mete siy sa yo nan pwojè rekonstriksyon Cummins Highway. Nou poko konnen konbyen oswa ki estasyon otobis ki pral genyen siy sa yo. Nou pral kontinye travay avèk T sou sa.

Aprann plis sou pwojè MBTA sa a:

mbta.com/projects/solar-powered-e-ink-signs



Photo: MBTA

E-ink sign on Warren Street in Roxbury


Abri pou otobis yo

- Abri pou otobis yo bay refij kont move tan ak yon kote pou kapab chita
- Nou pral desine Cummins Highway pou kapab gen plas pou abri otobis yo.
- Nou toujou ap travay sou detay yo!
 - Kalite abri otobis yo
 - Antretyen
 - Konbyen estasyon otobis ki p genyen abri




**Grafik sa a pa
reprezante desen final
la.**


Li pa gen ladan anpil
karakteristik enpòtan,
li gen ladan pye bwa
lari yo.
Eleman desen yo pral
chanje



Desen pou estasyon otobis - egzanp desen




Pasaj ki pi kout pou pyeton avèk ranp twotwa ki aksesib pou tou de estasyon otobis yo



Desen pou estasyon otobis – Kijan sa mache

Moun kap mache gen nouvo twotwa ak kote ki an sekirite pou travèse lari a

Moun ki sou bisiklèt yo gen pwòp liy pa yo




Moun kap tann otobis yo gen espas pou yo kanpe oswa chita

This graphic does not represent the final design. It does not include many important features, including street trees.

Desen pou estasyon otobis – Travès liy bisiklèt la

Moun yo itilize pasaj pou pyeton yo pou yo vwayaje ant estasyon otobis la ak twotwa a

Moun ki sou bisiklèt yo kanpe pou pyeton yo



Chofè otobis yo avanse nan estasyon otobis la, touprè twotwa a

This graphic does not represent the final design. It does not include many important features, including street trees.

Ki avni Cummins Highway?



Objektif rekonstriksyon Cummins Highway la: pi an sekirite, pi aksesib

Transfòme Cummins Highway nan yon **lari katye ki gen pye bwa** ki pi an sekirite pou fanmi yo mache, tann otobis la, monte bisiklèt, oswa vwayaje nan machinn.

Li pral konekte rezidan yo ak rezo espas ouvè Vil la epi rann li pi fasil pou moun ki aje yo travèse lari a.



Kalandriye pwojè rekonstriksyon pou Cummins Highway

11 Avril 11, 2019 premye reyinyon piblik nan Mattahunt

27 Fevrye, 2020 twazyèm reyinyon piblik nan Mattahunt

- ▶ Prezante konsèp desen



**Design Trial
(Phase 2)
October 2020 - October 2021**

Jiyè, 2021 – A kontinye
Desen pou rekonstriksyon Cummins



**Design Trial
(Phase 1)
Jul. - Oct.
2020**

29 Oktòb, 2019 dezyèm reyinyon piblik nan Mattahunt

Jen, 2021 – A kontinye

Angajman pou desine Rekonstriksyon Cummins

- ▶ Jen: Espesyal T-Talk -Pase nan Sant Mobil pou Manje ak Egzèsis nan Mattapan
- ▶ Jiyè: Rezilyans chalè
- ▶ Jiyè: Kalite lè a
- ▶ Out: Itilizasyon Tè
- ▶ Septanm: Ekleraj
- ▶ Oktòb: Sante Piblik
- ▶ Oktòb: Enfrastrikti vèt
- ▶ Janvyè: Estasyon otobis yo
- ▶ Fevriye: Pyebwa lari yo

Konvèsasyon konsantre ak opinyon

Nap kontinye gen konvèsasyon avèk ou sou redesine Cummins Highway. **Yo pral itilize opinyon-w pandan diskisyon sa yo pou enfòmè-w sou desen Cummins yo epi yo pral pataje ak lòt depatman yo pou enfòmè travay yo tou.**

An Jen 2021, nou te òganize yon edisyon espesyal T-Talk ak Charles T. Brown pou diskite sou fason mobilite Nwa Ameriken yo limite nan Ezetazini avèk lapolis, polisy, ak politik.

 twitter.com/ctbrown1911

 equitablecities.com

Konvèsasyon konsantre ak opinyon

An Jiyè 2021, nou te òganize de reyinyon vityèl avèk Depatman Anwonman an:

Nou te pale sou etid rezistans chalè vil la ak redesine Cummins la. Pandan konvèsasyon sa a nou te tande:

- Ou ta renmen nou ajoute plis lonbraj. Nap chèche pye bwa akabri. Chèche gen yon konvèsasyon kominotè nan mwa kap vini yo!
- Ou te konsène o sijè de redesen tanporè a ak enpak li kapab genyen sou sèvis ijans ak trafik yo.

Nou te pale sou kalite lè a ak fason politik transpòtasyon ak enflyans desen a sou kalite lè a. Pandan konvèsasyon sa a nou te tande:

Konvèsasyon konsantre ak opinyon

An Out 2021, nou te òganize yon reyinyon vityèl ak Ajans Planifikasyon ak Devlopman Boston:

Nou te pale de PLAN Mattapan, kijan travay yo gen rapò ak transpòtasyon, ak kijan depatman nou yo kolabore. Pandan konvèsasyon sa a nou te tandè:

- Cummins sa fè pati de yon rezo, se poutèt sa nou bezwen pran an konsiderasyon de trafik la nan lari anndan yo tou. Nou te fè konte trafik yo.
- Ou vle nou pwoaktif epi rasire-w ke nap travay ak MBTA, kamyon pou retire fatra, ak otobis lekòl yo sou jesyon trafik anvan ke nou aplike yon nouvo desen.

Konvèsasyon konsantre ak opinyon

An Septanm 2021, nou te òganize yon reyinyon vityèl ak Divizyon Ekleraj Lari Vil la:

Nou te pale sou objektif vil la pou ekleraj lari yo ak opòtinite pou Rekonstriksyon Cummins la. Pandan konvèsasyon sa a nou te tande:

- Ou te konsène sou klète ak koulè limyè a, nou pral travay avèk ou pou kapab jwenn limyè ki apwopriye ak koulè ki ka ede amelyore vizibilite a.
- Ou te vle konnen ki kote ou kapab wè limyè ki sanble ak sa Travo Piblik ap pwopoze a.
 - River Street sòti nan Cummins Highway rive nan Hyde Park (Way St)
 - Nubian Square
- Pataje panse-w nan: bit.ly/Cummins-Light_Feedback

Konvèsasyon konsantre ak opinyon

Nan kòmansman mwa oktòb 2021, nou te òganize yon reyinyon vityèl ak Komisyon Sante Piblik Boston: **Nou te pale de koneksyon ki genyen ant lari, sante, ak byennèt.** Pandan konvèsasyon sa a nou te tandè:

- Ou te konsène de trafik la pandan pwosè a ak efè sou lari anndan yo. Nou te fè konte trafik nan mwa Septanm nan nan lari anndan yo. Nap pwograme pou-n konte trafik la ankò nan lari anndan yo pandan ke pwosè a te fini.
- Ou te vle konnen plis de kijan nap angaje rezidan yo nan kominote a nan pwosesis redesen an. Nou te pale de kèk lòt fason moun yo ap resevwa enfòmasyon ak angaje ak pwojè nou an.

Reyinyon piblik kap vini yo

Nap kontinye genyen konvèsasyon kominotè o sijè desen Cummins Highway. Pwochen reyinyon nou an:

Pyebwa lari yo ak redesen Cummins Highway

- Mèkredi, 23 Fevrye
- 6:30 p.m.
- Anrejistre: bit.ly/Cummins-Trees

Rete branche pou reyinyon kap vini yo:

- Ronpwen ak entèseksyon yo
- Desen lari pou moun ki andikape yo
- *Ak plis ankò...*

Pale avèk nou!

- Enskri pou yon apèl telefonik pou 15-minit oswa yon reyinyon vityèl avèk ekip pwojè a:
- Chak de Mèkredi de 3 a 7 p.m.
- bit.ly/Cummins-15
- Tcheke sitwèb nou an pou enfòmasyon o sijè de pwojè a epi pou kapab enskri pou imèl ak nouèl enfòmasyon
 - boston.gov/cummins-highway
- Si-w wè nou ap mache sou Cummins Highway, di bonjou!
- Voyer yon imèl bay Jeff Alexis: jeffrey.alexis@boston.gov

Resours e rete angaje



Ou ka monte nan otobis Route 28 GRATIS

Pasaje otobis Route 28 yo kapab monte nan otobis nan tout pòt san yo pa peye yon pri tikè jiska 28 Fevriye 2022.

Pou plis enfòmasyon ale nan boston.gov/28bus.

Paj 51

Desen entèseksyon Mattapan Square

Ede enfòme desen Mattapan Square!

- Reyinyon Piblik
- 15 Fevrye
- 6:30 p.m

Aprann plis sou pwojè sa a:

boston.gov/departments/transportation/blue-hill-avenue-mattapan-square



Desen entèseksyon Mattapan Square

Ede enfòmè desen Mattapan Square!

- Reyinyon Piblik
- 15 Fevrye
- 6:30 p.m



Aprann plis sou pwojè sa a:

[boston.gov/departments/transportation/blue-hill-avenue-mattapan-square](https://www.boston.gov/departments/transportation/blue-hill-avenue-mattapan-square)

Sere dat la pou pwochen T-Talk la!

- *Blue Hill Avenue: Kòm yon Plas*
- T-Talk ki konsantre sou jèn yo
- Samdi 26 Fevrye
- 11 a.m.

Tcheke T-Talks ki sòt pase:
[mattapanfoodandfit.org/
transportationtalks](http://mattapanfoodandfit.org/transportationtalks)



Reyinyon de Blue Hill Avenue

Antre nan konvèsasyon an o sijè
de Blue Hill Avenue
*Ko-sponsè Konseye Julia Mejia ak
Notorious V.O.G*

- Jedi 27 Janvye
- 9:30-11:00 a.m.
- Notorious nan Maten Boston
87.7 FM
- Difize sou Zoom ak
Facebook an dirèk

JULIA MEJIA
MEMBER OF COUNCIL AT LARGE

BLUE HILL AVENUE REDESIGN TOWN HALL

We are excited to collaborate with Morning Star Baptist Church, The Greater Mattapan Neighborhood Council, Boston 87.7FM Radio, and our partners at City Hall to create a space to gather community feedback on the redesign proposal and have a solutions oriented discussion on how to better engage the community on projects like this. We hope you will join us by filling out the RSVP form below!

**JANUARY 27TH
THURSDAY, 9:30-11AM**

DOORS OPEN AT 9, MASKS REQUIRED

RSVP HERE: [REBRAND.LY/BLUEHILLAVE](https://rebrand.ly/bluehillave)

VOG

BOSTON 87.7 FM

GMNC

B

MORNING STAR BAPTIST CHURCH

Monte Bisiklèt Blue yo ak yon rabè!

Gen pas ki dsponib pou bisiklèt piblik nou yo ak yon rabè.

Moun ki patisipe nan pwogram asistans piblik oswa ki gen yon revni ki kalifye yo ka resevwa yon rabè. Pas a frè redwi yo ap sèlman pou **\$50 pa ane oswa \$5 pa mwa** san okenn angajman anyèl. Li gen ladann inèdtan vwayaj san limit.

boston.gov/discounted-bluebikes



Fon Sekou pou Lwaye

Vil Boston ap dedye lajan federal yo pou ede rezidan Boston yo ki te afekte ekonomikman akòz pandemi COVID-19 la epi ki gen difikilte pou peye lwaye yo.

Pou plis enfòmasyon sou kalifikasyon, resous, ak pou aplike ale nan:

boston.gov/rental-relief

Blue Hill Avenue housing

Nan dat 15 Desanm 2021, komisyon Etablisman Piblik yo te vote pou deziyen DVM Konsiltan LLC ak Lojman Imanitè Gran Boston (Greater Boston) pou 8 nan 10 pasèl ki enkli nan Blue Hill Avenue Aksyon B1 Demand Pasèl pou Pwopozisyon (RFP).

<https://www.boston.gov/buildinghousing/blue-hill-ave-action-plan-b1-sites>

Mizajou sou konstriksyon Walker Playground

Nou te gen kèk reta, men nou espere re-louvri pak la konplè a piblik la!

- Nap tann kèk ekipman. Lè li enstale e lè tanperati a pèmet, nou pwal enstale sifas kawotchou nan lako rekreyasyon an.
- Tèren an pral fèmen jiska fen prentan/kòmansman ete pou bay zèb la pou-l kapab grandi.
- Yap enstale limyè pou pyeton yo nan hivè/prentan sa a. Pou plis enfòmasyon, kontakte Lauren Bryant nan: 617-961-3019 oswa imèl li nan lauren.bryant@boston.gov

Nan dat 15 Desanm 2021, komisyon Etablisman Piblik yo te vote pou deziyen DVM Konsiltan LLC ak Lojman Imanité Gran Boston (Greater Boston) pou 8 nan 10 pasèl ki enkli nan Blue Hill Avenue Aksyon B1 Demand Pasèl pou Pwopozisyon (RFP).



CW D D Capley Wall Design Group Landscape Architects & Planners WALKER PLAYGROUND

BOSTON PARKS AND RECREATION DEPARTMENT BOSTON, MA

PLAYGROUND DESIGN APRIL 2021

Rete an kontak:

Planifikasyon ak desen transpòtasyon piblik nan Boston

- Aprann plis XYZ
- Kontakte Kirstie Hostetter: kirstie.hostetter@boston.gov

Cummins Highway Rekonstriksyon

- Vizite pwojè wèbsit: boston.gov/cummins-highway
- Pale avèk nou: bit.ly/Cummins-15
- Kontakte Jeff Alexis: jeffrey.alexis@boston.gov